

Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSÈY KONSÈVASYON ISTORIK ETA A  
REKÒMANDE 17 NOMINASYON POU REJIS LYE ISTORIK NASYONAL AK ETA**

***Nominasyon Yo Rekonèt Kote Ki Te Kontribiye Nan Istwa Divès New York La***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 17 pwopriyete, resous ak distri nan Rejis Lye Istorik Nasyonal ak Eta yo (State and National Registers of Historic Places). Nominasyon yo reflekte divèsite etonan nan istwa Eta New York la, epi varye soti nan premye apatman bilding koperativ vil la a yon kominote vakansyè devlope pa Afriken Ameriken yo nan Long Island.

“Nominasyon sa yo onore kèk nan sit ki pi eksepsyonèl ak kaptivan nan istwa Eta New York yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan mete moniman sa yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal ak Eta a, nou ka asire ke kote sa yo gen finansman yo bezwen pou prezève ak pwomouvwa sa ki pi meye nan pase, prezan ak lavni New York.”

Lis Rejis Nasyonal ak Eta a kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo epi fè yo vin elijib pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou pou reponn a sibvansyon eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye itilizasyon eta a de kredi enpo reyabilitasyon yo an 2013, pwogram eta ak federal la te favorize investisman konplè plizyè milya dola nan pwopriyete komèsyal istorik yo ak dè dizèn de milyon dola nan kay istorik kote mèt kay yo rete.

Rejis Nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta a ki enimeren nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt kay, minisipalite ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a te patwone nominasyon ki pi resan yo.

Yon fwa ofisye prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, yo ap antre pwopriyete sa yo nan lis Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apres a yo te nomine yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote yo te revize yo, epi yon fwa yo apwouve yo, yo ap rantre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation).

“Lis Rejis Nasyonal ak Eta a se yon pa enpòtan an avan sou wout pou pwoteje ak revitalize moniman sa yo. Konsève ak revitalize lye istorik nou yo ede leve ekonomi lokal yo, mete fyète nan kominote a, ankouraje kwasans entèlijan, ak ankouraje sektè touris la”, **te deklare Erik Kulleseid, ki se Komisè Pwovizwa Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik.**

**Senatè José Serrano, Prezidan Komite Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a (Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te deklare,** “Rekòmandasyon jodi a reflekte bèl divèsite eritaj kiltirèl New York la - soti nan yon kominote vakansyè Afriken Ameriken apre - Dezyèm Gè Mondyal nan Long Island, pou rive nan yon lekòl 19yèm syèk nan Buffalo, san nou pa mansyone eritaj klas imigran travayè East Harlem lan ki reprezante nan Distri Sena mwen an. Nan ede prezève trezò istorik nou yo, Rejis Eta ak Nasyonal yo sipòte revitalizasyon kominote pandan ke y ap ankouraje sektè touris ak kwasans ekonomik. Anpil remèsiman a Gouvènè Cuomo ansanm ak Komisè Pwovizwa Kulleseid pou angajman yo pou prezève istwa New York pou jenerasyon k ap vini yo”.

**Manm Asanble Danny O'Donnell, Prezidan Komite Atizay ak Touris la (Arts and Tourism Committee) di,** “Felisitasyon a kandida sa yo ki merite li. Pote rekonesans a pwopriyete sa yo pral ede prezève ak amelyore aspè enpòtan nan istwa Eta New York epi bay jenerasyon k ap vini yo yon koneksyon fizik ak pase a”.

### **Rejyon Santral**

Whedon-Schumacher House, Syracuse - Bati an 1892, rezidans nan estil Rèn Anne lan te konsevwa pa achitèk Archimedes Russell, youn nan konsèptè lokal pi enfliyan nan vil la. An 1921, premye etaj kay la te konvèti pou sèvi kòm yon ponp finèb.

### **Finger Lakes**

Waterloo High School, Waterloo - Bilding Neyoklasik lan, bati an 1928-1929, enpòtan pou pwomouvwa “edikasyon pwogresis”, ki te ankouraje fòmasyon pwofesyonèl ak eksperymantral olye de aprantisaj pa kè; I ap sèvi kòm yon sant kominotè; ak kòm yon egzanp konsepsyon sivik pa achitèk pwolifik Rochester a Carl Ade.

### **Long Island**

Distri Istorik Sou-divizyon Sag Harbor Hills, Azurest, ak Ninevah Beach yo (Sag Harbor Hills, Azurest, and Ninevah Beach Subdivisions, SANS), Sag Harbor - Distri a te devlope yon ti tan apre Dezyèm Gè Mondyal la kòm yon kominote vakansyè ete pou moun koulè toutolon Sag Harbor an nan yon moman lè segregasyon lojman ak diskriminasyon nan finansman ipotèk te entèdi anpil Afriken Ameriken klas mwayèn devlope epi jwi lojman vakans.

Stanley H. Lowndes House, Northport - Bati an 1895, kay nan estil Rèn Anne lan te bati pou Lowndes, yon pèsonaj rejyonal enpòtan ak yon baron zuit renome.

### **Mid-Hudson**

Camp Hill School, Pomona - Bati an 1923 kòm yon lekòl de (2)-chanm, yo te kontinye ap itilize bilding lan pou rezon edikatif jiska kòmansman ane 1960 yo. Apre li te rete san itilize pou yon tan, yo te renove li nan ane 1970 yo pou li ka fonksyone kòm biwo

minisipal yo ak kòm yon lye reyinyon pou moun ki abite nan vilaj Pomona a, ki te fòme an 1967.

Jacob & Caroline Hawkins House, Campbell Hall - Bati an anvwon 1839, kay yo nominen an rete entak ampil e se yon egzanp reprezantan ekselan de matirite estil la Renesans Grèk lan nan Mid-Hudson Valley New York.

Pig Knoll School, Ramapo - Achitèk Walter Robb Wilder (1874-1934) ki soti nan konpayi distenge McKim, Mead & White a epi pita Wilder & White konsevwa bilding ki enspire pa atizay ak atizana ristik Ameriken yo an 1915; bilding lan te fonksyone pou yon ti tan kòm yon lekòl piblik e jodi a li se Sant Kiltirèl Pomona a.

Winged Foot Golf Club, Mamaroneck - Klib la gen yon teren gòlf 18-tvou ki konsevwa pa Albert Warren Tillinghast, yon pèsonaj enpòtan nan konsepsyon teren gòlf Ameriken, ansanm ak yon clubhouse an wòch ak brik enpresyonan ki konsevwa pa achitèk Clifford Charles Wendehack. Teren yo ouvri an 1923, epi clubhouse la te konplete an 1925. U.S. Open 1929 lan te pran plan sou Teren lwès Winged Foot la.

### **Vil New York**

Alku and Alku Toimen, Brooklyn - Bilding yo, ki te konstwi pa Asosyasyon Konstriksyon Kay Finlandè a (Finnish Home Building Association) an 1916 ak 1917, respektivman, enpòtan anba Kritè A nan zòn istwa sosyal nan nivo eta a kòm premye vrè bilding ki te bati avèk objektif apatman koperativ pou te konstwi nan Eta New York.

Distri Istorik East Harlem, New York - Distri a enpòtan pou asosyasyon li ak kominote klas imigran travayè jwif, Italyen, ak Pòtoriken yo ki te abite la siksesivman soti nan mitan 19yèm syèk lan pou rive mitan-20yèm syèk lan epi ki te prete zòn lan non yo: Yo te konnen East Harlem sou diferan non tankou Harlem jwif, Harlem Italyen, ak Harlem Panyòl oswa *El Barrio*.

Otèl George Washington, New York - Konplete an 1930, otèl rezidansyèl nan estil Renesans Italyen an te konsevwa pou bay kliyantèl li yo yon sans sofistikasyon sosyal; achitèk yo itilize estil Renesans Italyen an epi itilize yon antre monimantal, detay dekorasyon terra-cotta elabore, ak espas enteryè ki gwo ki ranje pou bay yon atmosfè "klib", ak tout dezyèm etaj la deziyen kòm espas kominal pou rezidan yo ak envite yo.

Lopital St. Luke New York - Lopital nan estil Renesans-Fransè a se yon bilding ki konpoze de onz (11) paviyon sou yon blòk edmi vil la nan Morningside Heights e li te konstwi nan konmansman 1896 kòm lopital yo te pran de pli zan pli, wòl santral nan bay swen medikal konplè, syantifikman sofistike a yon popilasyon iben.

### **North Country**

Legliz St. Gabriel the Archangel, Paul Smiths - Bati an 1896, legliz la se yon egzanp distenk ak entak de yon "legliz ete" nan Estil Rèn Anne/Shingle bati nan rejyon Adirondack nan fen 19yèm syèk la ak kòmansman 20yèm syèk la.

### **Southern Tier**

McNaught Family Farm, Bovina - Kay fèm entak la, espas vè tè agrikòl, fondasyon bilding agrikòl, miray fwontyè an wòch, ak sit yon moulen te devlope pa fanmi imigran

Ekosè Plenn lan John ak Janet Marshall McNaught. Jenerasyon siksesif fanmi McNaught te posede fèm lan soti nan anviwon 1817 a 1962.

### **Rejyon Lwès New York**

Buffalo Public School #51, Buffalo - Bati an de (2) etap, premye a an 1894-1895 epi dezyèm lan an 1927-28, PS 51 notableman enkòpore youn nan sèl bilding lekòl entak 19yèm syèk Buffalo ki rete, pifò ladan yo te demoli epi ranplase pa lekòl modèn pandan 20yèm syèk la.

Legiz First Presbyterian ak Simityè Lewiston Village, Lewiston - Avèk prèske de mil senk san antèmman date soti an 1802 a jounen jodi a, Simityè Lewiston Village dokimante istwa vilaj la. Legliz la te bati an etap ant anviwon 1830 ak 1965 e se bilding relijye ki pi ansyen nan vilaj la.

Bilding Seneca Plumbing and Heating Company, Buffalo - Bilding lan te kay biznis ki te fonde pa Max Linsky, yon imigran Ris Jwif, an 1937 e li remake pou asosyasyon li ak kwasans ak siksè popilasyon imigran Jwif Buffalo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)